

**Plan leson sou wòl entelijans atifisyèl nan ansèyman ak pwomosyon lang kreyòl**

**Se Ernst Djeride Jean-Baptiste ki elabore plan leson sa a.**

**Objektif plan leson an :**

**Plan leson sa a pral ede aprenan yo :**

1. Dekouvri epi familiarize yo ak kèk mo kle oubyen espresyon ki pwòp ak devlopman Entelijans Atifisyèl yo (EnA) ;
2. Dekouvri kèk zouti EnA epi rive asosye yo ak domèn yo ;
3. Imajine kreyasyon pwòp zouti EnA pa yo ;
4. Dekouvri kèk ideyoloji ki asosye ak devlopman zouti EnA ak lang kreyòl yo ;
5. Mete kreyativite aprenan yo an pratik a travè itilizasyon kèk zouti teknolojik.

**A- An n chèche konprann sa ki di nan tèks la.**

**Pou n fè sa, nou pral fè yon fich lekti k ap gen ladan l plizyè pati.**

**Note byen : Nan aktivite sa yo, pwofesè yo ka divize sal klas la an plizyè gwoup.**

1. Egzèsis sa a dwe ede aprenan yo rive atenn yon bon konpreyansyon sou tèks la.
2. Chak gwoup pral prepare yon fich lekti pandan y ap chèche dekouvri kèk mo ak espresyon ki nan tèks la.
3. Chak gwoup tou ap gen pou yo bay 5 sitasyon nan tèks la ki atire atansyon yo epi chèche konprann byen ki sa otè tèks la vle di nan sitasyon sa yo.
4. Lè fich lekti yo pare, gwoup yo ka reyini pou yo pataje tout sa yo te jwenn kòm mo ak espresyon ki nouvo nan sitasyon yo.

**Tablo pou fich lèkti yo**

1. Fè yon rezime tèks la ak pwòp mo pa w.
2. An nou idantifye kèk mo ak espresyon nan tèks la nou po ko konnen, epi an nou fè rechèch pou nou ka jwenn yon definisyon pou yo chak.
3. An nou chèche kèk sitasyon oubyen kèk fraz ki nan tèks la e ki atire atansyon nou pou n ka reflechi sou yo ansanm.

• <b>Sitasyon # 1</b>
• <b>Sitasyon # 2</b>
• <b>Sitasyon # 3</b>
• <b>Sitasyon # 4</b>
• <b>Sitasyon #5</b>
<p><b>Refleksyon:</b></p> <p>Sou baz enfòmasyon nou jwenn nan tèks la :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• bay kèk rezon ki fè resous EnA yo pa ko disponib an kreyòl tou ?</li> <li>• ki sa ki lakoz se sèlman nan yon ti gwoup lang nou jwenn pi plis zouti EnA yo ?</li> </ul>

### **An- Egzèsis pou dekouvri pi plis toujou sou Entelijans Atifisyèl (EnA) yo**

Objektif aktivite sa a se :

1. Pèmèt aprenan yo dekouvri divèsite domèn ki itilize zouti EnA yo ;
2. Dekouvri fonksyonalite zouti EnA yo ;
3. Fè pratik ak zouti EnA yo ;
4. Montre lòt zanmi w yo nan klas la ki sa chak gwoup te dekouvri.

### **Gwoup 1**

<b>EnA ki fèt pou ede tretman son ak imaj</b>	<b>EnA ki fèt pou ede kontni nan tèks</b>
•	•
•	•
•	•
•	•

## Gwoup 2

EnA ki fèt pou ede nan tradiksyon	EnA ki fèt pou ede nan jewolokalizasyon
•	•
•	•
•	•
•	•

### B - Kreyasyon

Platfòm MIT-Ayiti ap travay pou garanti prezans lang kreyòl la sou platfòm nimerik yo. Nou kontribye nan pwodiksyon resous akademik k ap itil tout moun ki pale kreyòl. Se kon sa tou gen anpil aktivite nou ka fè pou nou metrize zouti teknoloji yo epi bay bourad pou ranfòse itilizasyon lang kreyòl la nan teknoloji sa yo ak sou platfòm nimerik yo. Aktivite sa yo pral ede nou fè kèk pratik :

1. Fè pledwaye pou responsab lekòl yo rann disponib pou ti moun yo kou sou kodaj, kou wobotik, laboratwa enfòmatic, koneksyon entènèt e latriye ;
2. Idantifye kèk sit entènèt ki ka ede n kreye pwòp sit entènèt pa n ak yon sit entènèt pou lekòl la an kreyòl. Nou ka tradui sit la tou nan lòt lang, tankou franse, angle ak panyòl ;
3. Idantifye kèk zouti EnA ki ka ede n devlope pwòp aplikasyon pa n, tankou yon aplikasyon ti moun ka itilize pou yo jwe sou entènèt oswa nenpòt lòt ide ki ka ede rezoud yon pwoblèm nou idantifye nan antouraj nou ;
4. Idantifye yon zouti EnA ki ede ekri liv pou ti moun epi eseye sèvi ak zouti sa a pou n ekri pwòp liv pa n an kreyòl.

Lè n fini ak pwojè sa yo, nou ka rasanble tout lekòl la pou n prezante yo rezilta pwojè nou yo.

**Men kèk resous k ap ede nou dekouvri epi konprann ki jan nou ka itilize WordPress pou kreye yon sit entènèt :**

<https://www.youtube.com/watch?v=20yVELmxBTc>

<https://www.youtube.com/watch?v=RCu6sLqhOzM>

2- Aplikasyon senp sa a ka ede nan plizyè pwojè, tankou :

- Kreye lis chante ak atis prefere w epi pataje yo sou aplikasyon sa a pou tout elèv nan lekòl la ;
- Pataje kèk anons k ap itil tout lekòl la ;

- Pataje kèk resous tankou liv, videyo, odyo an kreyòl k ap ka itil tout lekòl la ak peyi a pou ede plis moun dekouvri e metrize resous sa yo.

Men kèk resous k ap ka ede nou dekouvri yon zouti EnA ki rele « *Glide* » epi konprann ki jan nou ka itilize l pou n devlope kèk aplikasyon ki ka itil ou nan domenn edikasyon.

***Note byen : Ou ka gade seri videyo YouTube sa a ki gen anviwon 85 videyo ki disponib nan lang franse pou ede n metrize aplikasyon Glide la :***

[https://www.youtube.com/watch?v=Z8\\_SrhZ4YyI&list=PLJfUK9S8EzSOs-9wj6hNkStF4YShV8WY8](https://www.youtube.com/watch?v=Z8_SrhZ4YyI&list=PLJfUK9S8EzSOs-9wj6hNkStF4YShV8WY8)

An nou akouraje nan kreyasyon aplikasyon ak sit entènèt sa yo. Sa ka rive nou vin fè pati premye gwoup elèv ki kreye aplikasyon ak sit entènèt an kreyòl nan tout istwa peyi a. Ebyen, an nou travay ansanm.